



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LAJAN NAN PÒCH OU: GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE PWOPOZISYON POU REDWI PRI ASIRANS VEYIKIL YO AK KONBAT REKLAMASYON KI GEN FWOD

Pran mezi pou konbat fwod, limite domaj yo peye bay move aktè yo epi asire se kliyan yo, pa konpayi asirans yo, ki priyorize

Pwopozisyon an apiye efò Gouvènè a pou rann Eta Nouyòk pi bon mache epi tounen mete lajan nan pòch Nouyòkè yo k ap travay di yo

Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan sou pwopozisyon li yo jodi a pou diminye pri asirans veyikil yo epi konbat reklamasyon ki gen fwod atravè Eta Nouyòk. Gouvènè a ap pran mezi ki lojik pou konbat fwod, limite domaj yo peye bay move aktè yo epi asire ke se kliyan yo, pa konpayi asirans yo, ki priyorize. Pwopozisyon sa yo apiye efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou rann eta pi abòdab epi tounen mete lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo.

"Pou pifò moun, asirans machin se pa yon liks — se yon nesosite, sitou isit la nan Long Island kote moun yo konte sou machin yo pou ale travay, lekòl oswa menm fè makèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwopozisyon sa yo ki gen bon sans pral pran mezi sevè kont move aktè yo k ap ogmante pri asirans machin epi k ap mete chay finansye sa a sou do Nouyòkè inosan k ap travay di yo."

Nouyòkè yo peye kèk nan tarif asirans machin ki pi wo nan peyi a — ki bay yon total ki depase 4,000 dola pa ane an mwayèn, prèske 1,500 dola pi wo pase mwayèn nasyonal la. Tarif asirans machin yo ap afekte pa yon konbinezon fwod, litij, fay jiridik, ak lakin nan aplikasyon lalwa, avèk fo aksidan ak fwod asirans ki asosye ki ogmante prim chak moun a 300 dola pa ane an mwayèn dapre kèk estimasyon.

Diminye Fwod pou Bese Tarif yo pou Nouyòkè yo òdinè yo

Aktè sofistike k ap ogmante yo mete ansèn aksidan ki elabore, ki fèt pou pèmèt peman "Ddakpòt" nan men konpayi asirans oswa pri jiri yo, e fwod sa yo ap fèt pi souvan An 2023, te genyen 1,729 aksidan mizansèn nan Eta Nouyòk, ki klase dezyèm eta nan peyi a ki pi elve pou ensidan fwod òganize. Antou, konpayi asirans yo te rapòte 43,811 ensidan fwod asirans veyikil amotè yo sispèk bay Biwo Fwod Asirans, Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta Nouyòk la an 2025. Sa a se yon ogmantasyon parapò ak 24,238 ensidan sispèk fwod asirans machin depi 2020, yon ogmantasyon 80 pousan nan sekn ane.

Pou konbat efò kriminèl òganize yo, Gouvènè Hochul ap pran yon apwoch nan tout nivo gouvènman an pou diminye fwod asirans machin, tankou:

- Revitalize Konsèy Eta pou Prevansyon Vòl Veyikil a Motè ak Fwod Asirans (State's Motor Vehicle Theft and Insurance Fraud Prevention Board) lan, bay li pouvwa pou pi byen sipòte kapasite pou mennen ankèt ak pouswiv fwod asirans atravè eta a
- Lejislasyon pou asire ke pwokiratè yo kapab pouswiv nenpòt moun ki responsab pou òganize yon aksidan planifye, pa sèlman moun ki dèyè volan an
- Travay men nan men ak Pwokirè Distri yo atravè Nouyòk pou ede monte dosye ki ka mete fen nan fwod òganize k ap vòlè Nouyòkè yo atravè tarif asirans ki elve
- Ranfòse efò pou konbat founisè swen medikal ki patisipe nan fwod lè yo apwouve fo dyagnostik medikal ki lakòz gwo pèman
- Pran mezi lè chofè Nouyòk yo anrejistre machin yo ilegalman nan lòt eta, ki diminye kouvèti yo atifisyèlman epi ogmante depans chofè Nouyòk ki respekte lalwa yo

Ranfòse Pwogram Anti Fwod Konpayi Asirans yo

Lejislasyon aktyèl yo limite kapasite konpayi asirans yo pou pwoteje kliyan ki respekte lalwa yo kont fwod ak abi lè li limite delè yo genyen pou idantifye pi rapòte enstans fwod yo a sèlman 30 jou. Pou asire yo idantifye epi pini fwod la, Gouvènè Hochul pral ogmante delè konpayi asirans yo genyen pou rapòte fwod epi diminye baryè pou pretansyon fwod nan tribinal la, k ap bay konpayi asirans yo plis tan pou mennen investigasyon sou reklamasyon yo epi evite peye sa ki gen fwod yo. Lejislasyon an pral balanse plis fleksibilite pou konbat fwod ak nesosite pou prezève pwoteksyon esansyèl konsomatè yo.

Limite Domaj pou Moun ki Angaje nan Konpòtman Ilegal nan Moman Aksidan an

Lè chofè yo angaje nan konpòtman ilegal nan moman aksidan an, yo pa ta dwe kapab genyen gwo pèman asirans. Sepandan, lwa aktyèl yo otorize moun k ap komèt krim yo, ki enkli chofè ki anba enfliyans alkòl yo, resevwa gwo pèman pou domaj ki pa ekonomik, tankou pou doulè ak soufrans ak detrès emosyonèl, yo peye nan prim chofè ki respekte lalwa yo kontribye. Gouvènè Hochul pral limite pèman pou kalite domaj ki pa ekonomik sa yo pou chofè k ap itilize oswa opere yon machin pandan l ap angaje nan konpòtman kriminèl nan moman ensidan an, tankou chofè ki pa gen asirans, moun ki kondane pou kondwi anba enfliyans nan moman ensidan an, ak moun ki te komèt yon krim oswa ki t ap sove nan moman ensidan an.

Limite Domaj pou Moun ki Gen "Pifò" Fot nan Lakoz yon Aksidan

Nouyòk nan minorite eta ki otorize chofè yo jije ki gen "pifò" fot nan yon aksidan toujou kolekte gwo domaj, ki genyen ladan yo domaj ki pa ekonomik yo. Sa vle di nan Nouyòk, menm chofè yo te jije ki gen pifò fot pou yon aksidan ka soti ak yon gwo pèman pou aksidan sa a. Pifò eta yo gen règleman ki sanse ki otorize rekiperasyon domaj sèlman si yon moun ki mande pa gen fot prensipal nan aksidan an. Gouvènè a ap chèche chanje lwa Nouyòk yo k ap limite domaj yon chofè ka resevwa si yo gen pifò fot nan yon

aksidan, k ap entwodui yon mezi responsablite pou moun konpayi asirans lan bay konpansasyon apre yon aksidan.

Diminye Limit Blesi Grav

Lwa sou asirans san fòt nan Nouyòk la otorize moun ki blese nan yon aksidan machin pou fè reklamasyon pou konpansasyon ki ale pi lwen pase ranbousman pou depans medikal oswa pèt salè ki asosye ak yon blesi. Konpansasyon siplemantè sa a gen objektif pou ofri sipò ki pa ekonomik, tankou doulè ak soufrans viktim ki gen blesi grav yo. Definisyon legal blesi grav Nouyòk la vag kounye a, li aplike nan fason ki pa konsistan, epi li ka genyen blesi tanporè ki mete yon moun sou kote sèlman pou yon ti tan apre yon aksidan.

Gouvènè Hochul la pral refòme limit blesi grav la lè li pwopoze règ medikal ki objektif epi ki jis pou sa li kalifye kòm yon blesi grav. Refòm sa a pral evite litij ki pa nesèsè ki koute chè, epi sa ap ede bloke ka kote moun yo ap eseye eksplwate yon sistèm pou tante genyen peman ki pa ale nan menm sans ak gravite blesi yo epi ogmante tarif tout lòt moun.

Refòme Responsabilite Kolektif ak Endividyèl

Nan Nouyòk, nan ka aksidan pèsonèl ki rive akòz aksidan machin ka ki gen plis pase yon defandè, chak defandè ka responsab pou tout montan domaj ki pa ekonomik yo, kèlkeswa sa ki responsab pou yo, si lòt defandè yo pa peye.

Nouyòk ta rejwenn 28 lòt eta pou adopte yon règ ki ta chanje estanda sa a pou defandè ki mwens pase 50 pousan responsab, pou akize sa yo ka responsab sèlman pou domaj yo te koze a. Sa ap pèmèt konpayi asirans yo mete pri prim yo pi ba, piske yo pral sèlman oblije pran an kont domaj ki koze pa moun y ap asire yo.

Asire Kliyan, Pa Konpayi Asirans yo Benefisye nan Ekonomi yo

Depi ane 1970 yo, DFS te kenbe Lwa sou Eksedan Pwofi a kòm yon pwoteksyon kliyan ki enpòtan kont konpayi asirans machin k ap fè pwofi ki depase sou aryere kliyan yo. Lwa sa a aji kòm yon "disjonktè" lè li egzije konpayi asirans yo retounen nenpòt pwofi ki depase yon sèten limit dirèkteman bay asire a. Malgre ke konpayi asirans yo te opere nan yon pèt nèt dènyèmman, refòm nan lwa asirans oto jan yo pwopoze pi wo a ta dwe diminye anpil pri pwoteksyon an. Si refòm sa yo antre an vigè, Gouvènè Hochul pral bay DFS lòd pou yo re-egzamine Lwa sou Pwofi Depase a, epi an patikilye limit aktyèl la, pou asire ke konsomatè yo gen priyorite.

Ogmante Transparans pou Asire nan Mache Asirans Machin nan

Twò souvan, tarif asirans machin pou asire yo ogmante san eksplikasyon, oswa ki lye ak nenpòt chanjman nan kontak ki ka idantifye. Nan yon moman tarif ki elve, Nouyòk yo merite konprann kilè ak poukisa prim asirans yo monte. Gouvènè a pral ogmante transparans lè li egize konpayi asirans yo avize asire yo sou chanjman epi eksplike chanjman ki fèt.

Ogmante Ensitasyon pou Kondwi an Sekirite

Pandan y ap siveye move aktè ak jwe ak sistèm nan, konpayi asirans yo ta dwe chèche opòtinite pou rekonpanse sila yo ki respekte règ yo epi kenbe tèt yo ak lòt moun an sekirite. Gouvènè Hochul ap chèche diminye depans asirans yo lè li mobilize chofè ak patnè yo nan efò li pou fè wout nou yo vin pi sekirize, eksplwate teknoloji pou diminye tarif asirans yo. Gouvènè a pral egzije konpayi asirans yo pou yo ofri rabè sou pri asirans yo lè chofè yo chwazi volontèman pou patisipe nan pwogram ki montre yo kapab redui movèz kondwit ak fwod.

Lidè Minorite Lejislati Konte Suffolk la, Jason Richberg, te deklare, "Toupatou, Nouyòkè yo ap pran kou kote ki fè yo pi mal la — nan bous yo — epi li esansyèl pou nou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou nou soulaje chay sa a. Nan Long Island, fanmi yo depann sou machin yo pou ale travay, lekòl, ak nan randevou medikal, epi yo pa ta dwe pini ak prim asirans ki pami pi wo nan peyi a akòz fwod ak abi nan sistèm nan. Konsantrasyon Gouvènè Hochul sou pran mezi sevè kont aksidan prepare epi fèmen twou vid ki koute chè yo pral ede diminye prim sa yo epi gen yon enpak siyifikatif sou bidjè mansyèl fanmi k ap travay yo. Sa a se sou abòdablite, jistis, epi mete bezwen rezidan k ap travay di yo anvan konpayi asirans yo."

Lejislatè Konte Suffolk la, Tom Donnelly, te deklare, "Toupatou nan Konte Suffolk ak nan Eta Nouyòk, depans yo deja wo epi moun yo ap oblije chèche kijan yo pral kapab peye bòdwo sèvis piblik, manje, swen sante ak lòt nesosite yo. Peye kèk nan prim asirans machin ki pi wo nan peyi a fè li vin pi difisil e pi rèd toujou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te ouvri chemen an nan chèche kijan pou kontwole ogmantasyon pri asirans oto pou rezidan nou yo ki travay di ka kontinye peye epi rete isit la."

Sipèvizè Vil Babylon lan, Rich Schaffer, te deklare, "Nan Long Island, kote fanmi yo deja ap fè fas ak yon pri lavi ki wo, ogmantasyon prim asirans machin ki koze pa aksidan ki fèt ak fwod sèlman ajoute nan presyon finansye a. Eskwokri sa yo ogmante depans pou chofè responsab ki respekte règleman yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan lit kont fwod asirans ak nan batay pou remete lajan reyèl nan pòch rezidan Long Island yo."

Pwopriyetè Best Way Auto Collision of Deer Park, Inc., Ibrahim Duman, te deklare, "Lè w ap dirije yon atelye reparasyon machin nan Long Island, ou wè jan moun travay di epi jan sa fwistre lè pri asirans yo kontinye ap monte. Anpil nan sa soti nan reklamasyon ki gen fwod. Sa vle di prim ki pi wo pou kliyan ki pa fè anyen ki mal. Mwen apresye Gouvènè Hochul ki vini isit la epi ki pran pwoblèm sa a oserye paske se yon bagay ki afekte kliyan nou yo ak kominote nou an twò souvan."

Prezidan Alyans Chanm Komès Konte Suffolk la, Bob Fonti, te deklare "Ogmantasyon pri asirans oto ap peze fanmi Long Island yo ak ti biznis yo, epi Gouvènè Hochul ap pran mezi enpòtan pou adrese sa. Pwopòzisyon li yo pou l kraze rezo k ap fè fo aksidan yo, modènize sistèm san fòt la, epi ogmante transparans nan sektè asirans lan se etap pratik ak ekilibre ki pral ede diminye depans tout pandan y ap pwoteje reklamasyon lejitim yo. Abòdablite esansyèl pou kwasans ekonomik, epi refòm sa yo

rekonèt ke pri asirans yo pa sèlman yon pwoblèm konsomatè men yon pwoblèm biznis ak mendèv tou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sèvis Transpò Suffolk la, John Corrado, te deklare, "Chak dola nou ka ekonomize sou asirans oto ka ede nou bay pi bon sèvis, ekonomize lajan pou kontribyab yo, epi sipòte chofè otobis nou yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li rekonèt ke Nouyòkè yo pa ta dwe oblije peye pi gwo pri asirans oto nan peyi a epi dèske li te gen kouraj pou l te mennen batay sa a."

Direktè LI Main Street Alliance ak Vision Long Island, Eric Alexander, te deklare, "Pri asirans oto ki wo pou rezidan yo ak pwopriyetè biznis yo te parèt plizyè fwa kòm yon pwoblèm pandan n ap eseye kontwole depans yo. Bravo pou Gouvènè Hochul paske li te prezante yon pwopozisyon pou diminye depans sa yo ki twòp pou ede yo rive nan nivo lòt eta yo."

Prezidan Chanm Komès Afriken Ameriken Long Island (Long Island African American Chamber of Commerce), Phil Andrews te deklare, "Fwod pa janm yon krim san viktim. Pri asirans oto ki wo yo afekte ekonomi an, sitou nan kominote nou yo isit la nan Long Island. Yo afebli mobilite ekonomik epi yo fè li pi difisil e pi chè pou opere yon biznis, delivre pwodwi, vwayaje pou ale travay, ale lekòl ak vizite fanmi. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li konbat opòtinis ak abi ki fè prim yo monte — epi paske li travay pou fè asirans oto pi abòdab pou moun Long Island ki travay di yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Sivik Latino Long Beach, Helen Dorado Alessi, te deklare, "Pri ki wo nan reklamasyon fo yo se yon chay enjis pou tout moun. Nou sipòte lidèchip Gouvènè a nan diminye fwod epi fè moun ki responsab yo rann kont pou ede bese pri asirans pou Nouyòkè òdinè yo. Adrese depans sistemik sa yo se yon etap nesèsè pou asire yon pwoteksyon jis e aksesib pou tout rezidan yo. Avèk pri lavi a k ap monte a k ap vin tounen yon gwo fado, fanmi nan Long Island yo patikilyèman vilnerab. Pliske machin ak kamyon rete mwayen transpò ki pi fyab pou kominote nou an, diminye depans asirans sa yo esansyèl pou estabilite ekonomik lokal la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)